



EDE OU EKONOMIZE LAJAN



200,000 fwaye pa ane te amelyore kapasite finansye yo.

KONSEY LOJMAN HUD APWOUVE SE YQN RESOUS OU KA FÈ KONFYANS.

N ap bay konsomatè jarèt pou yo ka fè bonjan desizyon sou lojman. Konsèy lojman HUD apwouve yo ede plis pase yon milyon fwaye chak ane.




1-800-569-4287

OFFICE OF
HOUSING COUNSELING
LET'S MAKE HOME HAPPEN
hud.gov/makehomehappen



KONSEY LOJMAN BÈL JÈS!



LET'S MAKE HOME HAPPEN

KONSEY LOJMAN HUD APWOUVE BON POU TOUT MOUN

REPQNS, ENFOMASYON, KONSYANTIZAAZYON

KONESANS SE POUVWA

AN NOU FÈ KAY OU A VIN YON REYALITE

NENPÒT LAJ, NENPÒT REVNI

- ▶ Moun k ap achte kay pou premye fwa
- ▶ Pwopriyetè kay
- ▶ Pwopriyetè kay ki gen risk pou yo sezi li
- ▶ Ipotèk ranvèse
- ▶ Lokatè
- ▶ Sanzabri

Kèlkeswa kote ou ye nan pwosesis lojman an, w ap gen desizyon enpòtan ak anpil kesyon. Èske li t ap vrèman bon si w te jwenn yon pwofesyonèl ki pa nan paspouki pou jwenn konesans ak gid ki ba ou jarèt pou w ka fè sa k ap bon pou pou, nan tout wout la? Wi! Konseye lojman ou a se konseye lojman pèsonèl ou, ki gen pi bon enterè ou nan kè li.

KONNEN TOUT BAGAY

- ▶ Lè w ap achte kay - tout istwa a nèt
- ▶ Reyalite sou lokasyon
- ▶ Èske yon ipotèk ranvèse apwopriye pou ou?
- ▶ Jere pwoblèm pa ka peye
- ▶ Evite yo sezi kay ou
- ▶ Maksime sitiyasyon finansye ou

Èske w ap achte yon kay? Pran bonjan desizyon nan tout etap yo. Èske ou déjà gen pwòp kay ou? Pwoteje envestisman ou. Èske yon ipotèk ranvèse se yon bon opsyon pou ou? Èske gen pwoblèm pa ka peye oswa yo pral sezi kay ou? Ou gen chwa. Èske w ap lwe? Konnen dwa ou yo, detay sou kontra lwa ye yo. Jwenn tout enfòmasyon bezwen.

NAN AJAN KONSEY LOJMAN OU A

- ▶ Konsèy fas-a-fas
- ▶ Klas, atelye, videoyo ki bay enfòmasyon
- ▶ Resous ak referans
- ▶ Gratis oswa bon mache pou ou

Konseye lojman pwofesyonèl ak eksperyans avèk fòmasyon ak repons ou bezwen pou pran desizyon sou lojman ou Konseye lojman ou a pral travay avèk ou fas-a-fas pou ba ou gid pou w ka pran bon desizyon selon sitiyasyon ou ak bezwen ou yo. An plis, tout sèvis ajans konsèy lojman HUD apwouve lokal ou a gratis oswa bon mache.



Chemen pou achte kay ou a long, men ou pa bezwen mache poukont ou. Kèlkeswa kote ou ye nan chemen ou a, ou jis bezwen fè yon klik oswa yon koutfil pou jwenn repons ou bezwen yo. Pou jwenn plis enfòmasyon sou konsèy lojman HUD oswa pou jwenn yon ajans konsèy lojman HUD apwouve, ale sou hud.gov/makehomehappen oswa rele 1-800-569-4287. Ansanm, nou pral fè ou reyalize rèv pou achte kay ou a!